

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Bab ieu medar ngeunaan (1) désain panalungtikan, (2) sumber data, (3) instrumén panalungtikan, (4) prosedur panalungtikan, jeung (5) analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuantitatif ngaliwatan pamarekan kuasi éksperimén atawa éksperimén semu. Métode kuasi éksperimén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna pangajaran nulis carita pondok sabada ngagunakeun média film pondok ka siswa XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut taun ajar 2020/2021.

Nurutkeun Arikunto (2013, Kc. 123) désain kuasi éksperimén aya tilu rupa nya éta (1) *one shot study*, (2) *pretest-posttest*, jeung (3) *static group comparison*. Désain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pretest-posttest*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest* tuluy dibéré *treatment* pikeun ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis carita pondok ngagunakeun média film pondok, tuluy diayakeun *posttest*. Désain panalungtikan ieu digambarkeun saperti ieu di handap.



(Sanjaya, 2013, kc. 103)

Bagan 3. 1

Désain Panalungtikan

Keterangan:

O₁ : *Pretest* (kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun média film pondok)

X : *Treatment* (pangajaran nulis carita pondok ngagunakeun média film pondok)

O₂ : *Posttest* (kamampuh nulis carita pondok sabada ngagunakeun média film pondok)

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, ieu désain digunakeun pikeun ngukur ngaronjat henteuna kamampuh siswa dina pagajaran nulis carita pondok sabada ngagunakeun média film pondok di kelas XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut taun ajar 2020/2021.

3.2 Subjék Panalungtikan

Subjék dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI IPA di SMA Negeri 5 Garut taun ajar 2020/2021. Dipilihna siswa kelas XI IPA 1 jadi subjék panalungtikan nyaéta ku sabab di kelas XI IPA 1 loba anu héngkér dina kaparigelan nulis, utamana dina pangajaran nulis carita pondok basa Sunda.

3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta hasil tulisan anu mangrupa laporan sakabéh siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut taun ajar 2020/2021 anu jumlahna aya 30 siswa. Jumlah awéwé 18 jalma sedengkeun lalakina 12 jalma. Dipilih kelas XI IPA 1 lantaran siswana kurang kana minat pangajaran nulis, utamana kana pangajaran nulis carita pondok basa Sunda.


Tabel 3. 1

Jumlah siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut

Jenis kelamin	Jumlah siswa
Awéwé	18
Lalaki	12
Total	30

3.4 Tahap Panalungtikan

Tahap panalungtikan kawilang penting dina ieu panalungtikan, lantaran tahap panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi éksperimén, désain anu dipaké nyaéta *pretest-posttest*. Dina raraga ieu panalungtikan, aya sawatara tahapan kagiatan anu kudu dipilampah. Saperti diruntuykeun dina bagan 3.3.



Bagan 3. 2

Tahap panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, tahap panalungtikan bakal dipedar hiji-hiji. Aya sababaraha tahapan nyaéta tahap tatahar, tahap ngalaksanakeun, jeung tahap ngolah data.

3.4.1 Tahap Tatahar

Tahap tatahar mangrupa tahap mimiti anu bakal dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) ngaidéntifikasi masalah pikeun mikanyaho kondisi siswa jeung masalah anu nyampak dilapangan, pikeun bahan tinimbangan dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan;
- 2) ngajukeun judul panalungtikan sanggeus ngaidéntifikasi masalah anu aya di sakola;
- 3) ngajukeun proosal skripsi;
- 4) ngajukeun perijinan;
 - 5) nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMA Negeri 5 Garut;
 - 6) révisi instrumén panalungtikan.

3.4.2 Tahap Ngalaksanakeun

Léngkah-léngkah tahap ngalaksanakeun panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) ngalaksanakeun tés awal (*pretest*) ka siswa XI IPA SMA Negeri 5 Garut taun ajar 2020/2021 saméméh maké média film pondok, pikeun mikanyaho tingkat kamampuh nulis carita pondok siswa saacan dilaksanakeun *treatment*.
- 2) ngalaksanakeun pangajaran nulis carita pondok. Prosésna ngagunakeun média film pondok dina pangajaran nulis carita pondok di kelas XI IPA SMA Negeri 5 Garut taun ajar 2020/2021. Film pondok anu dipaké dina ieu panalungtikan judulna “Ilang” Karya Regiansyah.
- 3) sanggeus dilaksanakeun *treatment*, langsung dimeunangkeun hasil *post-test* anu diolah ngagunakeun program SPSS PAW versi 18.

3.4.3 Tahap Ngolah Data

Tahap ngolah data dina ieu panaungtikan nyaéta sapeti ieu di handap.

- 1) ngolah hasil data kamampuh saméméh;
- 2) ngolah hasil data kamampuh sabada;
- 3) nyusun laporan tina hasil panalungtikan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés. Tés dilakukan dua kali ka siswa nyaéta saméméh (*pretest*) jeung sabada (*posttest*). *Pretest* dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa saméméh ngagunakeun *treatment* média film pondok, sedengkeun *posttest* dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh nulis siswa sabada ngagunakeun *treatment* média film pondok. Skénario pembelajaran anu dipaké mangrupa instrumén RPP dina ngalaksanakeun prosés pembelajaran nulis carita pondok ku ngagunakeun média film pondok. Ieu perlakuan dilakukeun lobana opat kali pertemuan.

Tabel 3. 2

Wangun Soal *Pretest* jeung *Posttest*

Lembar Tés/Soal

Mata Pelajaran : Basa Sunda

Kelas : XI IPA

Poé, tanggal :

Waktu : 90 Menit

Pituduh Umum :

1. Tulis ngaran jeung kelas Hidep dina lembar jawaban nu disadiakeun!
2. Baca soal kalayan taliti jeung kerjakeun soal dina lembar jawaban anu geus disadiakeun.
3. Pariksa deui pagawéan hidep saacan dipasrahkeun ka Guru.

Soal :

Pék jieun hiji carita pondok anu ngawangun katangtuan ieu di handap:

1. Karyana kudu aya judul, pangarang, dialog jeung narasi
2. Karyana kudu ngawengku tokoh, latar, alur, sudut pandang, gaya basa, jeung téma anu saluyu jeung judul.
3. Caritana ngunakeun basa Sunda anu merenah
4. Tulis carita pondok minimal 2-4 kaca dina polio.
5. Caritana ngandung pesen moral jeung témana bébas.

3.6 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta data anu dimeunangkeun ku cara ngagunakeun tés. Tés (*pretest* jeung *posttest*) dina ieu panalungtikan, tés anu digunakeun mangrupa tés kaparigelan nulis carita pondok. *Pretést* anu dilaksanakeun ti mimiti nyaéta saacan ngalaksanakeun *treatment* pikeun mikanyaho kamampuh siswa saacana.

Hasil tés awal jeung ahir anu béda nunjukkeun ayana pangaruh tina perlakuan anu béda. Sanggus meunangkeun sakabéh data anu dibutuhkeun, satuluyna data diolah ngagunakeun hitungan statistik.

3.7 Téknik Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan nganalisis data jeung ngolah data. Kagiatan nganalisis data jeung ngolah data minangka cara nu dipaké pikeun manggih jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan.

Analisis data dina ieu panalungtikan dilakukeun ku tahapan-tahapan:

- a) Mariksa hasil tés saméméh jeung sabada nulis carita pondok siswa ku cara dimeunangkeun ngaliwatan kamampuh nulis carita pondok ka siswa. Aspék-aspek anu dipeunteun nyaéta, kalengkepan format carita pondok, kalengkepan unsur-unsur intrinsik, unsur intrinsikna singkron, tata basa anu merenah jeung amanat atawa pesen moral anu ditepikeun.
- b) Méré peunteun kana hasil nulis carita pondok siswa kalayan maké pedoman nu tangtu.

Tabel 3. 3

Kritéria Meunteun Téks Carpon

No	Aspék	Skor	Keterangan
A	Formal	4	Alus Pisan-sampurna: carita pondokna ngamuat judul, ngaran pangarang, dialog, jeung narasi.
		3	Cukup-Alus: carita pondokna ngamuat tilu subaspék.
		2	Sedeng-cukup: Carita pondokna ngan ngamuat dua subaspék.
		1	Kurang pisan: Carita pondokna ngan ngamuat hji subaspék.
		4	Alus pisan-sampurna: loba informasi, substansif, mekarkeun ide kalayan hadé, relevan jeung téma, lengkep.
		3	Cukup-alus: informasi cukup, substansi cukup, siswa bisa mekarkeun ide

B	Eusi		lumayan hadé, carita lumayan relevan jeung téma.
		2	Sedeng-cukup: informasi kawates, subtansi kurang, mekarkeun ide kurang hadé, eusi carita kurang relevan jeung téma.
		1	Kurang pisan: euweuh informasi, euweuh subtansi, siswa kurang hadé dina ngamekarkeun ide, carita teu relevan jeung téma.
C	Imajinasi	4	Alus-pisan sampurna: siswa bisa ngamekarkeun imajinasina kuat sarta diolah kalayan hadé.
		3	Cukup alus: siswa bisa ngamekarkeun imajinasina cukup hadé.
		2	Kurang: siswa kurang dina ngamekarkeun imajinasina sarta eusi carita diolah kurang hadé
		1	Kurang pisan: imajinasi siswa kurang kuat sarta diolahna kurang hadé.
D	Tokoh jeung Penokohan	4	Alus pisan-sampurna: Aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watek digambarkeun sacara jelas.
		3	Cukup-alus: Ayana tokoh utama jeung tokoh pendukung, watek teu digambarkeun sacara jelas.

		2	Kurang: Teu aya tokoh utama jeung pendukung sarta watekna teu digambarkeun sacara jelas.
		1	Kurang-pisan: Teu aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna teu digambarkeun dina carita.
E	Plot/Galur	4	Alus pisan-sampurna: Plot atawa galur digambarkeun sacara sampurna, jalan carita gampang dipikaharti.
		3	Cukup-alus: Plot digambarkeun cukup jelas sarta jalan carita lumayan bisa dipikaharti.
		2	Kurang: Plot digambarkeun kurang jelas sarta jalan kurang dipikaharti.
		1	Kurang-pisan: Plot digambarkeun kalayan henteu jelas. Jalan carita teu dipikaharti.
F	Hubungan antarparagraf	4	Hadé pisan: Sampurna, hartina hubungan antarparagraf kagambar kalayan hadé sarta silih lengkepan
		3	Cukup hadé: hubungan antarparagraf kagambar lumayan hadé sarta lumayan silih lengkepan
		2	Kurang: hartina hubungan antarparagraf kagambar kurang hadé sarta kurang silih lengkepan

		1	Kurang Pisan: Hartina hubungan antarparagraf teu kagambar sarta teu silih lengkepan
G	Gaya	4	Hadé pisan: Sampurna, hartina gaya carita anu dipaké éféktif sarta matak ngirut.
		3	Cukup hadé: hartina gaya carita anu dipaké cukup éféktif sarta cukup matak ngirut.
		2	Kurang: hartina gaya carita anu dipaké kurang éféktif sarta kurang matak ngirut.
		1	Kurang Pisan: hartina gaya carita anu dipaké teu éféktif sarta teu matak ngirut.
H	Kosa Kecap	4	Alus-pisan: ngamangpaatkeun potensi kecap canggih, pilihan kecap jeung unkapana tepat, ngawassa wangun kecap.
		3	Cukup-alus: ngamangpaatkeun kecap cukup canggih, pilihan kecap jeung unkapanna kadang kurang tapi teu ngaganggu.
		2	Sedeng-cukup: ngamangpaatkeun potensi kecap kurang, mindeng salah dina ngagunakeun kosa kecap jeung bisa ngarobah ma'na.
		1	Kurang pisan: ngamangpaatkeun kosa kecap asal-asalan, pangaweruh ngeunaan

			kosa kecapna handap, teu bisa dipeunteun.
I	Mekanik	4	Alus pisan-sampurna: Ngawasa aturan penulisan.
		3	Cukup-alus: saeutik kasalahan éjahan, teu ngarobah ma'na.
		2	Sedeng-cukup: loba kasalahan éjahan, ma'na teu ajeg, caritana teu dipikaharti.
		1	Kurang-pisan: teu gawasa aturan nulis, loba kasalahan éjahan, tulisan teu kabaca, teu bisa dipeunteun.

(Nurgiyantoro, 2014, kc. 448)

2) Méré peunteun jeung nganalisis hasil data *pretest* jeung *posttest*

Hasil karangan carita pondok diitung dumasar kana meunangna skor, ku kituna skor tadi dikelompokkeun dumasar kana kategori peunteun. Satuluyana ngagunakun kategori peunteun dumasar kana skala ieu di handap.

$$P = \frac{\text{Skor anu kahontal}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

3) ngasupkeun peunteun kana tabél

No	Aspék Penilaian									Σ	N	Kat.
	A	B	C	D	E	F	G	H	I			
1												
2												
3												
Σ												

No	Aspék Penilaian									Σ	N	Kat.
	A	B	C	D	E	F	G	H	I			
X												

Keterangan:

A: Eusi Carita pondok

B: Imajinasi

C: Tokoh jeung Penokohan

D: Plot/Galur

E: Hubungan antarparagraf

F: Mekanik

G: Gaya

Σ: Jumlah Skor

N: Peunteun

K: Kategori

X: Rata-rata

4) Kriteria meunteun

KKM : 75

Penteun Maksimal : 100

Kategori : Penteun ≥ 75 , siswa dianggap mampu nulis carita pondok.

Penteun < 75 , siswa dianggap can mampu nulis carita pondok.

3.8 Teknik Ngolah Data

Data dina ieu panalungtikan dianalisis ku cara maké *software* program SPSS (*statical product and service solution*) PASW versi 18. Nyaéta hiji program nu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik. Data input anu dianalisis nyaéta hasil kamampuh saméméh (*pretést*) jeung sabada (*posttést*) nu saterusna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

3.8.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data, perlu dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ku cara maké *software SPSS versi 18. Statical product and service solutions (SPSS)* nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik. Data input anu dianalisis nyaéta hasil *pretést* jeung *posttést*, anu saterusna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

3.8.2.1 Uji Normalitas Data

Uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun distribusi normal atawa henteuna data (Sudjana, 2005). Kitu deui nurutkeun Sujarweni (2007, kc. 55), uji normalitas miboga tujuan

pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Data anu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun data miboga sifat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogrov-smirnov* atawa uji sampel *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : Distribusi data normal

H_1 : Distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara nyieun uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 5% ($\alpha=0,5$) kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sig (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak lamun nilai sig (signifikansi) $< 0,05$

3.8.2.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nyaéta uji ngunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih (Sudjana, 2005). Uji homogénitas dilaksanakeun pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variasi dina sumber data. Anapon hipotésis pikeun uji homogénitas saperti kieu:

H_0 : varians sampel homogén

H_1 : varians sampel teu homogén

Uji normalitas dilakukeun ku cara nyieun uji *Levene*, ku taraf signifikan 5% ($\alpha=0,5$) kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sig (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak lamun nilai sig (signifikansi) $< 0,05$

3.8.2 Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis ieu panalungtikan nganalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statical pproduct and service solutions (SPSS)* nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik.

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima henteuna hipotésis. Nurutkeun Mustaqim (2017, kc. 38), nangtukeun hipotésis aya dua cara. Saumpamana data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun t-tés, sedengkeun umpamana data nunjukkeun hasil yén éta data miboga distribusi anu teu normal, ku kituna dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-paramétris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Tést*.

Pikeun nangtukeun ditarima henteuna hipotésis, dumasar kana kritéria ieu di handap.

Ha (Hipotésis Alternatif) = Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut saméméh jeung sabada ngagunakeun média film pondok. $H_0: p \leq 0$ $H_1 : p > 0$

H0 (hipotésis Nol) = Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut saméméh jeung sabada ngagunakeun média film pondok. $H_0: p \leq 0$ $H_1 : p > 0$